



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAND OUVÈTI NOUVO PON KOSCIUSZKO A

Premye Nouvo Pon Prensipal yo te Konstwi nan Vil New York Depi Plis Pase Senkant An; Jodi a Premye Trave a Ouvri pou Sikilasyon sou Nouvo Pon Kosciuszko an a 11:30 p.m.

Modèl Konsepsyon-konstriksyon an Te Akselere Konstriksyon Nouvo Pon an Katran an mwens

Kòmansman “The New York Harbor of Lights” (“Pò Limyè New York la”) pral Transfòme Estrikti New York yo pou yo Vin Tounen Atraksyon Entènasyonal pou Touris yo

W ap Jwenn Videyo ki Montre Pasaj Tan [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse grand ouvèti premye trave nan nouvo Pon Kosciuszko a – ki se premye pon yo te konstwi nan Vil New York depi lè yo te konstwi Pon Verrazano a an 1964. Gouvènè a te selebre ouvèti nouvo pon an avèk diyite Queens ak Brooklyn ak manm kominote a yo. Grand ouvèti a gen ladan yon parad selebrasyon k ap travèse tout nouvo pon an, avèk delegasyon ki soti nan toulede bò Queens ak Brooklyn pou yo vin rankontre nan mitan pou yo make lansman selebrasyon an. Gouvènè a te kondi machin pou l travèse pon an tou nan yon seremoni premye pakou sou pon an nan machin Packard 1932 Prezidan Franklin Delano Roosevelt la. Nouvo trave pon an pral ouvri pou sikilasyon nan toulede direksyon yo a 11:30 p.m. jedi swa a.

Pwojè Pon Kosciuszko a ap ranplase ansyen pon ki te gen 78 tan an avèk de nouvo pon sispanndi modèn depwent –youn ki ale nan lòt sans anvè Queens ak youn ki ale nan lòt sans anvè Brooklyn. Pon Kosciuszko orijinal la te premye ouvri an 1939 sou administrasyon Prezidan Roosevelt la. Anplis de sa a, Faz I pwojè \$555 milyon an se sèl pi gwo kontra Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation) te antreprann; li pèmèt konstriksyon pon ki mennen Queens lan epi l ap gen twa liy sikilasyon nan chak direksyon, jiskaske Faz II a fini. Nouvo pon an pral benefisye apeprè 200,000 vwayajè chak jou epi yo atann li pral dire 100 an, sa k ap asire vyabilite l anpil alavni.

“New York ap fè anpil investisman san presedan pou revitalize enfrastrikti transpò nou an, sa k ap asire wout ak pon nou yo konplètman ekipe pou yo satisfè bezwen vwayajè

21èm syèk la yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Ouvèti premye trave sa a nan Pon Kosciuszko a se yon etap enpòtan nan Vil New York ki pral sèvi anpil santèn milye vwayajè chak jou. Nouvo Pon an pral soulaje blokis epi amelyore rezo transpò rejyon nou an pandan l ap montre kijan Empire State la kontinye trase chemen pou peyi a nan konstriksyon pwojè enfrastrikti modèn depwent ki pral sèvi Nouyòkè pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Bidjè Ane Fiskal 2018 la sipòte ak agramdi pwogram enfrastrikti istorik \$100 milya Eta New York la – k ap investi nan wout, pon ak lòt eleman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti ansyen eta yo. Investisman san presedan sa a enpòtan anpil pou ranfòse ak solidifye enfrastrikti ansyen eta yo, sa k ap pwoteje dirabilite yo pou anpil ane k ap vini ankò.

Yon fwa pwojè a fini nèt, pon ki ale nan lòt sans anvè Queens lan ap genyen senk liy sikilasyon epi yon lòt pon separe ki ale nan lòt sans anvè Brooklyn ap genyen kat liy, ansanm ak yon vwa pou pyeton/bisiklèt ki mezire 20 pye nan lajè, ki gen panorama espektakilè Manhattan lan. Y ap ajoute epolman nan de pon yo, kote ki pa t genyen ki egziste. Nouvo pon an pral mezire 35 pye pi ba pase pon orijinal la, sa k ap redwi wotè pant pon an epi k ap pèmèt kamyon ak lòt veyikil ki laj yo menti vitès konstan sou pon an, epi sa pral soulaje blokis.

An [fevriye](#), Gouvènè a te anonse plan pou enploze de pi gwo seksyon ansyen pon an yo, pandan ete sa a, pou yo prepare chemen pou Faz II pwojè a k ap kòmanse nan mwa me ane sa a – sèt mwa konplè anvan delè a. Sa pral pèmèt ouvèti pon ki pral Brooklyn nan an nan odebi 2020, kat ane anvan yo te planifye a.

Aswè a, Gouvènè a pral make grand ouvèti sou Pon Kosciuszko a avèk yon espektak limyè senkwonize enpresyonan sou mizik k ap jwe sou plizyè estasyon radyo iHeartRadio yo. Espektak limyè sa a se premye pèfòmans “The New York Harbor of Lights” ki pral klere limyè LED plizyè koulè ke y ap kapab wè sou plizyè mil. Espektak la yo pral transfòme estrikti New York yo ki deja enpresyonan, pou yo tounen atraksyon touristik entènasyonal, sa k ap pote plis touris ak aktivite ekonomik pou rejyon an. Kòmansman “The New York Harbor of Lights” la pral gen ladan tou kowòdinasyon ak limyè Bilding Empire State yo.

Nouvo Pon Kosciuszko a se premye pon sispani nan Vil New York, ki gen 56 kab sispani ototal ki fèt ak apeprè yon milyon pye bren asye lineyè. Yon pon sispani itilize kab asye yo ranje nan yon ang pou konekte tabliye pon an ak tour vètikal ki etann byen wo sou wout la, avèk tour pilòn Pon Kosciuszko a k ap mezire 287 pye. Anplis de sa a, chak nan 3,850 tòn asye estriktirèl yo te itilize pou konstwi nouvo pon an yo te fablike Ozetazini. Pon an mezire 1,001 pye nan longè ak 99 pye nan lajè.

Apwòch konsepsyon-konstriksyon an te esansyèl pou pwojè an te fini, sa k ap redwi delè a katran an mwens. Yo sèvi avèk modèl sa a toupatou pou gwo pwojè enfrastrikti nan New York yo, ki gen ladan Pwojè Nouvo Pon New York la (New New York Bridge) pou ranplase Pon Tappan Zee a. Antreprenè konsepsyon-konstwiksyon yo ap soumèt pwopozisyon pou fè konsepsyon epi bati pon an anmenmtan. Pwosesis konsepsyon plan konstriksyon, Gouvènè Cuomo te enpleman a, pèmèt konbine sèvis konsepsyon ak konstriksyon yo nan yon sèl kontra pou ede fasilite travay reparasyon nan enfrastrikti enpòtan yo, epi ekonomize lajan kontribiyab yo. Yo te mete finansman disponib nan kad

pwogram NY Works (New York travay) Gouvènè Cuomo a pou kreye djòb, sa ki te yon eleman enpòtan tou nan finisman pwojè a. Anplis de sa a, pwojè pou ranplase Pon Kosciuszko a te depase 14 pousan objektif Antrepriz Biznis Dezavantaje yo (Disadvantaged Business Enterprise, DBE) Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration, FHA) te etabli yo, ki rive \$83 milyon finansman DBE ototal jiskaprezan.

Manm Kongrè Carolyn B. Maloney te di, “Aprè anpil ane planifikasyon ak konstriksyon, mwen kontan anpil premye trave nouvo Pon Kosciuszko a pral resi ouvri pou itilizasyon piblik. Avèk pon sa a, nou ap relanse tradisyon odasye pwojè enfrastrikti New York yo k ap fè ekonomi nou an vanse vè lavan. Ansyen pon an te gen renonmen kòm pi move pon nan eta a, epi mwen te goumen pou m te sekirize \$670 milyon nan finansman federal – prèske 85% nan pri total pou konstwi toulede trave pon an yo— pou nou ka rekòmanse epi bay Queens ak Brooklyn yon pon yo ka fyè de li. Jodi a nou kontan anpil nou gen yon bèl nouvo trave modèn depwent ki ranplase ansyen pon lèd, danjere ki te fin kraze a. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske nou wè finisman premye trave a, epi mwen atann pou nou kontinye travay avèk li pou dezyèm trave a.”

Prezidan Queens Borough a Melinda Katz te di, “Konstriksyon akselere nouvo Pon Kosciuszko an se yon testaman ki montre angajman New York pran ak kapasite l pou l pwodwi amelyorasyon enfrastrikti odasye ki enpòtan anpil pou kenbe eta nou an konpetitif onivo mondyal. Anpil santèn milye otomobilis pral benefisyè chak jou de pon modèn depwent sa a. Gras a vizyon Gouvènè Cuomo a, trè bèl espektak nan New York Harbor of Lights la pral fè anpil rezidan ak vizitè plezi ak enspire yo pou anpil jenerasyon ankò.”

Senatè Martin Dilan te di, “Ouvèti premye trave Pon Kosciuszko a jodi a montre nasyon an ak lemond antye gouvènman ka reyalize de seri bagay. Lè nou travay ak kominote nou yo epi nou bay djòb nan sektè konstriksyon pou anpil fanm ak gason k ap travay di New York yo, nou pral kontinye modènizasyon reyisi nan enfrastrikti transpò nou an non sèlman nan Vil New York, men tou nan chak rejyon nan eta yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l gen vizyon ak detèminasyon pou fè vanse pwojè istorik sa a vè lavan.”

Manm Asanble Joe Lentol te di, “Trè bèl nouvo pon Kosciuszko a se yon adisyon ikonik nan liy orizon nou an ki pral enspire Nouyòkè yo pou anpil jenerasyon k ap vini ankò. Nouvo pon sa a rejwenn pon tankou Pon Brooklyn lan ak Pon Verrazano a kòm yon grand pati peyizaj Vil New York la. Lè nou ranplase vye pon ansyen pèsòn pa t renmen an avèk yon bèl nouvo trave sispan di, Gouvènè Cuomo te pote soulajman pou Greenpoint epi yon lòt fwa ankò sa pwouve kisa New York ka akonpli.”

Manm Asanble Catherine Nolan te di, “Ouvèti premye trave Pon Kosciuszko a k ap konekte Brooklyn ak Queens lan se yon bagay mèveye gran eta nou an akonpli. Mwen ta renmen felisite Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpò New York la (NYS Department of Transportation) paske yo ap fè bon jan envestisman kòrèk nan enfrastrikti nou yo.”

Manm Asanble Erik Dilan te di, “Ouvèti nouvo Pon Kosciuszko a se yon trè gran akonplisman nan Eta New York la epi li pral sèvi anpil santèn milye vwayajè chak jou

ant Queens ak Brooklyn. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l ap investi nan wout ak pon eta nou an yo, pou ede rann lavi chofè New York yo pi fasil ak gen mwens pwoblèm.”

Manm Asanble Jo Anne Simon te di, “Sa ki te yon fwa yon zòn abouteyaj ak deteryorasyon vizyèl lèd – nouvo Pon Kosciuszko kounye a se yon zèv atizay ki byen bèl, san danje. Lidèchip Gouvènè Cuomo te rann li posib, epi fanm ak gason eta sa a k ap travay di yo te konstwi nouvo pon sa a epi mwen aplodi kominote nou yo paske yo ap sipòte efò istorik sa a.”

Manm Asanble Maritza Davila te di, “Avèk ouvèti nouvo Pon Kosciuszko a, rezidan ansanm ak vizitè yo tout pral enpresyone de koneksyon mèveye ant Brooklyn ak Queens sa a. Konsepsyon inotativ nouvo pon an pral ede redwi blokis pou vwayajè yo epi amelyore lavi fanmi klas ouvriyè k ap travay di yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l fè vanse pwojè enfrastrikti enpòtan sa a pou l vin yon reyalite.”

Lidè Majoritè Konsèy Vil New York la (New York City Council), Jimmy Van Bramer te di, “Mwen te pase anpil santèn èdtan kanpe nan blokis pandan machin ak kamyon ap eseye, epi souvan pa reyisi epite twou ak kondisyon inegal ki te sou ansyen Pon Kosciuszko a. Pandan lòt eta yo ap dispite sou enfrastrikti k ap finn kraze yo, nou menm nan New York n ap reyalize yon seri bagay. Finisman pwojè sa a anvan delè yo te prevwa se yon testaman ki montre lidèchip Gouvènè Cuomo, epi mwen kontan anpil m pap pral evite twou oswa rete kanpe plizyè èdtan nan blokis ankò pou m travèse tirivyè Newtown Creek la.”

VisPrezidan Egzekitif Skanska USA a, Michael Viggiano te di, “Skanska USA, chèf defil ekip antrepriz asosye Skanska-Kiewit-ECCO, felisite Gouvènè Cuomo ak Eta New York la pou finisman premye pon sispani nan istwa Vil New York la. Mwen felisite Gouvènè a pou vizyon li genyen pou l modènize sistèm transpò komen ansyen nou an epi pou l montre potansyèl apwòch konsepsyon/konstriksyon an pandan vil, eta ak nasyon nou an ap eksplòre metòd altènatif pou yo satisfè bezwen enfrastrikti nou yo pi rapid nan yon fason ki pi efikas.”

###